



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU YOM KIPPUR

"Aswè a, manm nan kominote Jwif lan pral reyini ak fanmi ak zanmi yo pou kòmanse obsèvasyon Yom Kippur a, jou ki pi sen nan ane Jwif la. Jou Ekspiyasyon (Day of Atonement) bay yon momen sakre pou reflechi, repanti, ak padone -- yon opòtinite pou kòmanse nouvo ane a pi solid ak pi ini.

Pandan nou te ap fè fas ak yon gwo kantite defi san presedan ane pase a, mwen espere ke, nan jou solanèl sa a, nou ap raple Nouyòkè yo sou fason nou te montre ke lè nou aji kòm yon kominote -- lè nou sipòte ak pran swen youn lòt -- pa gen okenn obstak nou pa ka ranvèse. Detèminasyon nou pou satisfè pwomès yon sosyete ekitab, ki gen sekirite, epi ki san danje pou tout moun New York la rete entouchab. Ansanm, nou kapap epi nou ap atenn li.

Nan non tout Nouyòkè yo, mwen swete tout moun ki ap obsève li yo yon fèt an tout sekirite, ki siyifikatif, ak yon jou jèn fasil. Gmar Chatima Tova".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)